


Yap Aprann

pandan yap

J W E



Depi yo fèk fèt rive nan laj twa zan

Yap (timoun) aprann pandan yap jwe

Manman ap papa pitit yo,

Akouchman yon ti bebe se yon okazyon espesyal ki fè kè nou bat fò anpil. Tout paran toujou swete tout sa ki pi bon pou pitit yo, e yo pare pou fè tout sa yo kapab pou ede timoun nan realize rèv li.



Rechèch ki fèt sou devlopman sèvo moun fè ekspè yo panse, eksperyans yon ti bebe fè pandan twa premye ane nan lavi li, gen gwo konsekans sou avni timoun nan. Chak fwa ou pale, jwe, touche epi fè yon jès ki montre timoun nan ou renmen li, sa fè yon gwo diferans nan lavi timoun nan.

Kaye sa a chaje aktivite enpòtan k'ap bon pou pitit pa-w la, lè l'ap franchi chak etap nan peryòd twa (3) zan devlopman sa a. Mete kaye sa a lakay ou epi sèvi avèk li tankou yon almanak, pou ede'w sonje fè ti egzèsis jwèt sa yo.

Nan konsa konsa, ou menm ansanm ak pitit ou a, n'ap dekouvri yon latriye fason timoun kapab aprann pandan y'ap jwe.

Ou kapab sèvi avèk kaye sa a toulejou, pou chache ti egzèsis, jwèt ki enteresan epi ki ankouraje timoun aprann.

Pou chak tranch laj oswa chak etap nan lavi timoun nan, egzèsis jwèt yo aliyen anba senk (5) domèn ki fasilite devlopman kapasite :rekonèt pwòp tèt li, grandi, relasyon ak lòt moun, konpreansyon, kominikasyon.



Rekonèt pwòp tèt li

Aprann konnen pwòp tèt nou ak santiman nou sanse ede nou rive santi nou alèz ak kò nou, ak sa nou ye a.

Grandi (Fizik)

Aprann kontwòle mouvman kò nou ede nou amelyore kapasite fizik nou, tankou: kenbe, mache, elatriye.

Relasyon ak lòt moun

Aprann kòman pou nou konpòte nou ak fanmi, zanmi nou, elatriye... pèmèt nou santi nou an sekirite.

Konpreansyon

Dekouvri kòman zouti, aparèy jwèt fonksyone pèmèt nou devlope entelijans nou .

Kominikasyon


Aprann koute, konprann, epi fè lòt moun konnen sa nou panse ak sa nou santi, konekte nou avèk rès moun ki ozalantou nou.

Anvi wè :


Fèk fèt
rive nan laj 2 mwa






Ti bebe kòmanse rekonèt
vizaj moun kap pran swen yo




Ti bebe kapab gade bagay
ki pa depase 30 santimèt (1 pye)



Yon ti masaj dous se yon kalman.
Li fè ti bebe a santi li byen,
li pa pè anyen



Rekonèt pwop tèt ou




Se pa gate n'ap gate'm
lè ou kenbe'm fò.
Sa fè'm santi'm
an sekirite

Grandi (Fizik)

«Mwen bezwen tan
pou mwen detire kòm
epi fè egzèsis
ak bra m ak pye m»



Relasyon ak lòt moun




« M'ap aprann
fè moun konfyans
epi
m 'aprann renmen
lè yon moun
pran kam »

Konpreansyon

«Tou de (2) je m
eseye swiv mouvman
yon bagay
kap deplase
ale vini tou dousman
devan yo »



Kominikasyon



«Mwen eseye souri,
epi pouse yon kri de jwa
lè jem tonbe nan figi w
ak lè m tande vwa w»

Fouyapòt !!!


Soti 2 mwa rive 5 mwa





Se nan gade avèk je yo, nan touche avèk men yo, nan goute avèk lang yo, nan tande ak zòrèy yo epi nan pran sante ak nen yo ke ti bebe aprann konnen Anviwonman kote y'ap viv la.



Ti bebe pran plezi nan eseye imite'w lè ou souri oswa fè yon kri de jwa devan li.



Ti bebe bezwen pou moun vlope yo pou yo ka santi yo kontan, an sante epi an sekirite.




Rekonèt pwòp tèt li



«Mwen dekouvri yon mwayen pou mwen kalme ak konsole tèt mwen »

Grandi (Fizik)



«Mwen bezwen yo kite'm dekouvri kisa kò'm ka fè»

Relasyon ak lòt moun

«Se pa ti renmen mwen renmen lè wap jwe avè m epi lè wap di m pawòl dous»



Konpreansyon



« Mwen aprann yon pakèt bagay sou anviwonman kote m'ap viv la, lè ou mete anpil jwèt enteresan devan'm »


Kominikasyon




« Esplike'm tout sa kap pase sa va ede'm gen plis mo pou'm sèvi lè m'ap kòmanse pale »

Chita Rale

Soti 5 mwa rive 8 mwa




Ti bebe laj sa a
aprann nan fè fouyapòt
sou tout bagay
ki tonbe anba men li nan kay la.



Ti bebe sa yo
kapab rekonèt jwèt yo,
menm si se yon pòsyon
nan jwèt la yo ka wè.



Yo refè menm bagay la plizyè fwa
pou yo wè sa kap rive.



Rekonèt pwòp tèt li



“Sa se pitit
mwen an”



« Ki moun sa a
ki nan glas la ? »
« Sa a se pitit
mwen an »

Grandi (Fizik)

Mete'm atè
epi ban'm yon chans
jwe poukont mwen
pou'm kapab
apranm rale »



Relasyon ak lòt moun




« Men santi'm tèlman
an sekirite avè'w,
men mwen konn
yon ti jan pè lòt moun »

Konpreansyon

« Koukou !!
M'ap aprann
ke bagay yo
toujou la
men'm lè
mwen
paka wè yo.



Kominikasyon



« M'ap
apranm
nan imite
son
ki soti nan
bouch ou
, menm
si mwen
poko
konprann
sans yo »




Chache konnen

Soti nan 8 mwa
rive nan 13 mwa




Nan fè fouyapòt, ti bebe kapab lakòz lòt moun soufri. Montre yo kijan pou yo fè atansyon.



Ti bebe fè fouyapòt pou tout bagay. Se konsa yo aprann chwazi avèk kisa yo vle jwe.



Nan lage bagay atè, nan frape youn sou lòt ak nan voye bagay jete, ti bebe kòmanse panse sa'k pral rive.



Rekonèt pwòp tèt li



« M'ap aprann
pran ka lòt yo
men'm jan ou kon'n fè
pou mwen »

Grandi (Fizik)

« M'ap aprann mache
e m'ap apran'n anpil
nouvo bagay.
Tanpri souple
veye sou mwen »



Relasyon ak lòt moun



M'ap vini !
Sa fè'm fache
lè w'ap pati kite'm
konsa a.
Men m'ap aprann
gen konfyans
ke w'ap toujou
retounen»


Konpreansyon

« Mwen swiv
tout sa ou fè.
M'eseye fè yo tou.
Se nan konsa
mwen aprann »



Kominikasyon



"Nen"



« Mwen aprann
sans mo yo
lè w'ap plede repete
non bagay yo
plizyèfwa
devan m .

Grenn pwomennen


Soti 13 mwa
rive 18 mwa





Ti bebe k'ap
aprann mache tou,
dekouvri sa sa vle di :
andedan, deyò, anwo, anba.



Yo aprann nan imite. Yo bezwen
anpil okazyon pou yo fè pratik.



Ti bebe laj sa a pa vle rete anplas.
Voye je sou yo
pandan y'ap mache, kouri,
epi monte an lè.



Rekonèt pwòp tèt li



«Se pa ti fache m ka fache lè mwen pa kapab mete men sou yon bagay mwen vle.»



Ou kapab konsole'm fasilman lè'w ban mwen yon lòt bagay ke'm ka jwe avè'l. Mwen pi alèz lè mwen konnen kote limit yo ye.»

Grandi (Fizik)



« M'ap aprann kontwòl dwèt mwen pou mwen ka rive fè bon tras sou papyè »


Relasyon ak lòt moun



« Mwen fè fouyapòt nan tout bagay, paske m've aprann. Se pa fache m'ap eseye fe'w fache »

Konpreansyon

« Jwe avèk blòk pèmèt mwen aprann rekonèt fòm ak gwosè. M'ap bezwen eksperyans sa a pi ta pou m'ka li epi fè kalkil »



Kominikasyon



« Lè mwen vini gade nan liv avèk ou, ou ede'm konn plis mo pou'm pale »

Bòs Machokèt


Soti 18 mwa
rive 24 mwa





Chache epi jwenn bagay ki
kache ede ti bebe aprann sonje




Ti bebe bezwen konnen
kijan tout bagay mache.
Vide, melanje, demonte pèmèt yo
fè konesans avèk lasyans.



Lè ti bebe ap sote, pouse epi rale
se aprann y'ap aprann kontwole
mouvman yo.




Rekonèt pwòp tèt li



« Mwen renmen
fè kèk bagay
poukont mwen.
Ti kras pa ti kras
m'ap fè yo pi byen
si ou pran pasyans
ak mwen »

Grandi (Fizik)

« Nan laj sa a
mwen gen anpil jefò.
Ede'm jwen' n
b0n okazyon
pou'm sèvi ak tout fòs
mwen genyen yo »



Relasyon ak lòt moun



«Nan jwe avè'w,
m'ap aprann jwe
ak lòt moun »

Konpreansyon

«M'ap aprann konnen
kote m'ap viv la
pi byen
pandan
m'ap
aprann
met ansan'm
bagay
ki
sanble
youn ak lòt»



Ede'm konprann :
sak sanble,
sa'k pa sanble,
sa'k di, sa'k mou. »

Kominikasyon



« An nou chante
ansanm
pou'm ka aprann
pwonose kèk mo,
santi kèk emosyon
ak kèk kadans.
Sa fè'm plezi »

Apranti novis:

Soti 2 zan
rive 2 zan edmi




Lè ti bebe kontrarye yo manifeste sa a klè.
Ede yo aprann mo yo ka itilize
pou di'w sa yo santi.



Ti bebe toujou anvi aprann.
Ba yo anpil okazyon pou yo aprann.



Jwèt pasyans yo ede ti bebe aprann
fè maryaj fòm ak gwosè



Rekonèt pwòp tèt li

« Sa a se pa'm



mwen santi
yo respekte'm
lè mwen gen
dezotwa bagay
ki rele'm
chè mèt chè metrès »



Grandi (Fizik)

« Tanzantan
m'anvi fè
yon bagay
tou nèf,



men se pa tout lè m
kapab wè ki
danje ki gen
ladan yo.




Ede'm aprann. »



Relasyon ak lòt moun



« M'bezwen pou ou bay
chak sa'm fè enpòtans
epi pou fè'm konpliman
lè'm eseye fè
yon bagay byen »




Konpreansyon

« 1, 2,
mwen kòmanse
aprann konte »



Kominikasyon



« Yon gwo kamyon wouj
«Kamyon »
mwen kapab di kèk mo.
Ede'm konn plis mo. »

Apranti stajyè

Soti 2 zan edmi
rive nan 3 zan




Imite granmoun
ede timounkòmanse konprann
enpòtans relasyon moun ak moun



Li pi bon pou timoun si paran yo
ka rete kè kal lè yo
menm yo fache




Ede timoun dekouvri
ti diferans piti
se yon etap nan aprann li.



Rekonèt pwòp tèt li

« Santiman'm
chanje rapid,



dabitid mwen renmen fè
tout afè'm poukò'm.
konsa tou gende lè'm
aji kon yon ti bebe.
Lè sa a m'konte sou ou
pou konprann mwen
epi ede'm
konpreansyon »



Grandi (Fizik)

« Plis mwen sèvi
avèk men'm
ak 10 dwèt
mwen



nan divès sikonstans




se plis
mwen vin pi fò
nan sa m'ap fè »



Relasyon ak lòt moun



« Mwen renmen jwe
bò kote lòt timoun,
men sa pa vle di'
ke m pare
pou pataje
jwèt mwen an
avèk yo »



Konpreansyon

« Fè menm bagay la
menm
jan an
chak
fwa



ede'm konprann jan
bagay yo ap dewoule
pou jounen an.



Silvouplè,
fè'm konnen
kijan bagay yo
ap gen
pou fèt »



Kominikasyon



« Sa pa jennen'm
tande menm istwa a
plizyè fwa, okontrè.
Anvan lontan,
se mwen
ki pral rakonte'w li »

Aprann pandan ya'p jwe.

Ti bebe fèk fèt rive nan laj twa (3) zan.

Sa fè kèk ane depi anpil paran ap pran plezi sèvi ak almanak ki rele “Aprann pandan y'ap jwe, ti bebe fèk fèt rive nan laj twa (3) zan”.

Moun ki te fè almanak sa a te revize li pou'l montre tras rezilta rechèch k'ap fèt kounye a. Ou ap dekouvri anpil mwayen enteresan pou ou gide epi jwe avèk pitit ou a, a chak etap l'ap franchi nan devlopman li.

Nou envite'w sèvi avèk kalandriye sa a kòm yon kòmansman pou pèmèt ou kreye egzèsis jwèt ki enteresan. Si ou ap pataje itilizasyon almanak sa a avèk lòt paran pitit yo pa benefisye tou.


Enfimyè ki nan sant sante piblik kapab ba'w plis enfòmasyon sou devlopman timoun, sou alètman matènèl, nitrisyon, sèl, sekirite, resous kominote ak lòt kesyon ki kapab enterese paran.

Kalandriye “Aprann pandan y'ap jwe, soti depi lè yo fèk fèt rive nan laj sis (6) zan pare deja.”

For copies and training, contact:



1645 Sheppard Ave. West,
Toronto, Ont. M3M 2X4
Tel: (416) 633-0515
Fax: (416) 633-7141



Special thanks for the generous support provided by the
Toronto Healthy Babies Healthy Children Program

